

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 KasangTukang Panalungtikan

Manusa dina nyanghareupan kahirupanna miboga sawatara strategi atawa cara anu seléktip saluyu jeung pasualan anu karandapana. Salasahiji strategi adaptasi manusa dina mertahankeun lingkungan pikeun ngungkulan pangabutuh pokok hususna dina widang pangan nyaéta ngaliwatan tatanén. Indonesia minangka nagara nu subur ma'mur, gemah ripah loh jinawi, ceuk wilanganna naon wae anu ditancebkeun dina taneuh pasti jadi tur ngahasilkeun. Ilaharna pakasaban utama masarakatna nyaéta tani boh éta melak paré, boh palawija. Tatanén pikeun masarakat Indonesia geus jadi pangupa jiwa nu bisa nyumponan dina ngalakonan kahirupan. Saperti ditétélakeun ku Sumardjo (2009, kc. 13) yén masarakat Indonésia rata-rata nyekel prinsip hirup kudu produktif atawa kudu bisa ngahasilkeun.

Wertheim (dina Danasasmita, 2012, kc. 38) nétélakeun yén masarakat Indonésia téh dibagi jadi tilu kelompok, nyaéta masarakat sawah, masarakat huma, jeung masarakat basisir. Masarakat Sunda kaasup kana kelompok masarakat huma, masarakat Jawa Tengah, Jawa Timur, jeung Bali kaasup kana masarakat sawah, sabab daérahna mangrupa daérah nu loba sistem irigasina, masarakatna leuwih gampang pikeun ngalaksanakeun kagiatan nyawah. Sedengkeun masarakat basisir nyaéta masarakat nu hirupna aya di sabudeureun laut tur pakasabanana teu leupas ti laut.

Wangun masarakat anu béda bakal ngahasilkeun kabudayaan jeung sajarah nu béda ogé. Kitu deui dina sistem pakasaban, yén nyawah téh lain asli pakasaban urang Sunda. Dina dokumen sajarah anu mangrupa catetan para petugas kompeni, dina *dagregister* anu geus di kumpulkeun ku de Haan dina bukuna *Priangan* nétélakeun yén sistem tatanén nyawah di tatar Sunda téh dimimitian ku Van Imhoff. Tujuanna taya lian iwal ti pikeun ngaronjatkeun hasil paré di wewengkon Bogor, pasawahan nu mimiti di buka téh nyaéta di daérah Cisarua. Éta hal téh dialpukahan ku Van Imhoff ku cara ngadatangkeun panyawah ti Tegal jeung Banyumas, lantaran pribumina teu appal kumaha cara molah sawah. Kitu deui di wewengkon Sumedang, nu pangheulana disawahan téh nyaéta daérah Conggeang ku panyawah ti Limbangan. Kota Bogor dijieun daérah bébas huma ku Yacob Mossel anu

ngaganti Van Imhoff dina taun 1750. Aturanna nu tadina dina lalampahan sapuluh jam ti kota Bogor teu meunang aya huma. Ditambahan deui jadi tilu welas jam lalampahan. Antukna pasawahan di Jawa Barat kakara aya dina pertengahan abad ka-18. Teu mustahil, sawah munggaran dimimitian ku koloni Mataram di Karawang anu dikirimkeun ka Sultan Agung Mangkurat I. Tapi nu pasti mah dimimitian dina abad ka-18 sanggeus Gubernur Jéndral Baron Van Imhoff ngawajibkeun sisitem sawah (Danasasmita, 2012, kc. 38-39).

Ieu panalungtikan téh ngaguar istilah-istilah tradisi nu nyampak dina tatanén nyawah hususna nu aya di Désa Sukadana. Panalungtik nyokot hiji tiori nu dipaké pikeun mesék ieu pedaran nyaéta tiori Koentjaraningrat (2009, kc. 165) nétélakeun yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur nu bisa kapanggih diunggal sélér bangsa. Éta tujuh unsur anu nyangkaruk dina eusi pokok unggal kabudayaan téh di antarana sistem religi, sistem organisasi kamasarakatan, sistem élmu pangaweruh, basa, kasenian, sistem pakasaban, sarta sistem pakakas jeung téknologi. Upama dipatalikeun jeung unsur-unsur budaya nu aya di luhur, loba nu nyampak dina kagiatan tatanén utamana dina sistem pakasaban (tatali hurip).

Pakasaban asal kecapna tina *kasab* anu hartina pagawean. Sedengkeun pakasaban miboga harti pagawéan atawa pangupa jiwa (Danadibrata, 2015, kc.323). Patali jeung sisitem pakasaban, tatanén nyawah mangrupa salasahiji pakasaban anu nguntungkeun pikeun masarakat di padésaan.

Kiwari istilah-istilah nu aya dina tradisi tatanén nyawah méh teu dipikawanoh deui ku masarakat, boh dina prak-prakanna boh pakakas nu digunakeunana. Masarakat jaman ayeuna geus leungiteun kabiasaan-kabiasaan nu di lakukeun ku para karuhun lantaran geus kasilih ku hal-hal anu sifatna modérn jeung leuwih gampang. Geus jarang masarakat nu ngalakukeun tatanén ku cara tradisional boh dina cara molahna boh alat-alat anu dipakena. Ogé pihak pamarentah loba ngayakeun *penyuluhan* jeung latihan (*extension and training*) pikeun ngaronjatkeun kualitas patani ka unggal daérah boh dina téknologina, boh cara molahna (Yudiarini, 2004, kc. 4).

Salasahiji bentuk modernisasi dina sistem tatanén di Indonesia nyaéta program *Revolusi Hijau* nu diterapkeun dina taun 1970-1990 nu ngadorong masarakat tina kabiasaan nu tadina tradisional jadi leuwih modérn (Mardiyarningsih, Spk., 2010,

kc. 3). Éta hal luyu jeung anu ditétélakeun ku Darpan (2013 kc.12) yén masarakat leuwih milih jeung leuwih kataji ku cara tatanén anu leuwih modern jeung leuwih gampang dipigawéna (praktis). Lian ti éta palaku aktif dina kagiatan nyawah sacara tradisional geus kawilang jarang. Loba masarakat nu kairut ku cara molah sawah sacara modérn, lantaran ngarasa leuwih gampang jeung leuwih loba kauntunganana atawa panghasilana dina unggal panén.

Pikeun ngawanohkeun istilah-istilah nu aya dina tradisi tatanén sangkan teu tumpur, salasihijina nyaéta ngaliwatan atikan. Atikan téh miboga fungsi anu kacida pentingna pikeun ngawariskeun ajén-inajén budaya ti hiji generasi ka generasi sapandeurieunna.

Tarékah pamaréntah dina ngariksa tradisi jeung budaya salasihijina bisa kapanggih dina diterapkeuna pangajaran basa Sunda di lembaga formal (sakola). Dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat nomor: 69 taun 2013 ngeunaan *pembelajaran muatan lokal bahasa dan sastra daerah pada jenjang satuan pendidikan dasar dan menengah* ayana Kurikulum nu ngawengku Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD), hususna di kelas XII SMA diajarkeun perkara maca artikel. Mangpaat tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun pangaweruh anyar pikeun siswa tina kagiatan-kagiatan nyawah anu geus jarang dipake di jaman kiwari. Istilah-istilah nu aya dina tatanén nyawah bisa dijadikeun pangaweruh dina ngeuyeuban deui kosa kecap Sunda. Siswa bisa nyaho yén kabiasaan-kabiasaan masarakat di jaman baheula béda jeung kabiasaan masarakat di jaman kiwari. Ku kituna siswa bisa apal yén aya kabiasaan atawa tradisi nu kudu di mumulé sangkan teu tumpur.

Maca nyaéta salasihiji aspék dina kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi tinulis. Maca téh salasihiji aspék tina opat kaparigelan basa jeung mangrupa hiji wangun atawa komponén tina komunikasi tinulis.

Peran guru jeung siswa dina prosés pangajaran kacida pentingna. Guru salaku subjek dina prosés pangajaran boga peran jeung fungsi dina ngirut siswa sangkan mikareueus, ngariksa, sarta ngamumulé kabudayaan. Tujuan sangkan siswa mibanda sikep anu positif. Salian ti éta, tujuan pangajaran bisa kahontal saupama guru parigel milih bahan pangajaran, nganalisi buku sumber nu luyu jeung tujuan

pangajaran, bisa nangtukeun tingkat kamampuh siswa luyu jeung waktu nu disadikeun.

Ku diayakeun ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngawanohkeun deui tradisi tatanén nyawah nu geus hirup di masarakat saméméhna ka masarakat satuluyna utamana masarakat Sunda. Salian ti éta dipiharep bisa dijadikeun data sangkan tradisi tatanén nyawah terus dipikawanoh ku masarakat tur henteu tumpur, jeung ngabogaan tarékah pikeun ngamumulé tradisi titinggal karuhun tur weruh kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta tradisi.

Panalungtikan ngeunaan istilah-istilah nu aya patalina jeung kagiatan tatanén sabenerna mah geus aya nu nalungtik. Di antarana “Istilah Tatanén di Perkebunan Malabar PTPN VII Pangaléngan” ku (Hermawati, 2010), “Istilah Tatanén Ngahuma di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA kelas XII” ku (Rahmawati, 2014). “Kandaga Kecap Istilah Tatanén Nyawah di kecamatan Ciamis kabupaten Ciamis “ ku (Wahyuni, 2006). “Istilah tatanén di Wilayah Kacamatan Karang Tengah Kabupaten Cianjur pikeun Bahan pangajaran Kanadaga Kecap basa Sunda di SMP” ku (Sagita, 2001). “Inventarisasi Puisi Mantra Tatanén di Kecamatan Cisitu Kabupaten Sumedang Pikeun Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda” ku (Pramanik, 2010). Bédana jeung panalungtikan saméméhna dina objek nu bakal ditalungtikna nyaéta dina tradisi tatanén nyawah nu aya di Désa Sukadana. Saméméh ngalaksanakeun panén, masarakat Sukadana sok indit ka hiji tempat nu ngaranna *Geger Beas*, didinya masarakat ngalaksanakeun ritual nu tujuana pikeun sukuran kana hasil panén. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngulik ngeunaan istilah-istilah nu nyampak dina tradisi tatanén nyawah. Ieu tradisi kawilang hadé jeung miboga ajén-inajén nu luhung sarta mangrupa asét budaya anu kudu dimumulé. Lian ti éta hasil tina panalungtikan bisa dijadikeun karya tulis ngeunaan kabudayaan sarta bisa dipaké bahan pangajaran sangkan tradisi anu ditalungtik bisa dipikawanoh ku masarakat umum utamana nu aya di lembaga atikan formal (sakola). Kukituna ieu panalungtikan nu judulna “*Istilah Tradisi Tatanén Nyawah di Désa Sukadana Kecamatan Pagerageung Kabupaten Tasikmalaya pikeun Bahan Ajar Maca Artikel di SMA*” masih perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Diayakeun ieu panalungtikan teu leupas tina sababaraha masalah nu kapanggih di Désa Sukadana, Kecamatan Pagerageung, Kabupaten Tasikmalaya. Di antarana kurangna kasadaran masarakatna kana budaya nu ngabalukarkeun leungitna pangaweruh kabudayaan di masarakat. Masarakat leuwih milih jeung leuwih kataji ku cara tatanén anu leuwih modérn jeung leuwih gampang di pigawéna. Ogé kurangna palaku aktif dina ngalakukeun tatanén sacara tradisional.

Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- a. Kumaha prak-prakan molah sawah ti mimiti mitembeyan nepi ka panén di Désa Sukadana, Kecamatan Pagerageung, Kabupaten Tasikmalaya?
- b. Istilah naon waé nu kapanggih dina tatanén nyawah di Désa Sukadana, Kecamatan Pagerageung, Kabupaten Tasikmalaya?
- c. Unsur budaya naon waé nu nyampak dina tatanén nyawah di Désa Sukadana, Kecamatan Pagerageung, Kabupaten Tasikmalaya?
- d. Kumaha larapanna pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta minangka salasahiji tarekah dina maluruh, ngamumulé jeung ngadokuméntasikeun kabudayaan, hususna dina tradisi tatanén nyawah di Kampung Puteran Désa Sukadana Kecamatan Pagerageung Kabupatén Tasikmalaya pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. prak-prakan dina molah sawah;
- b. istilah-istilah nu kapanggih dina molah sawah, pakakas, ngaran paré, jeung hama;
- c. unsur budaya dina tatanén nyawah; jeung
- d. istilah tradisi tatanén nyawah pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Manfaat Tioritis**

Manfaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta ayana sumbangsi pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan hususna tradisi tatanén nyawah anu méh tumpur ti masarakat lantaran ayana kamekaran jaman. Ieu hasil panalungtikan bisa dipaké dina sistem atikan widang kabudayaan utamana nu aya patalina jeung kabudayaan Sunda.

### **1.4.2 Manfaat Praktis**

Sacara praktis manfaat tina ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, mangrupa input enggoning ngadéskripsikeun tradisi tatanén nyawah.
- b. Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan *alternatif* dina pangajaran maca artikel di SMA.
- c. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep sangkan bisa dijadikeun *literatur* pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan jeung tradisi ogé ngeuyeuban kandaga kecap.
- d. Pikeun masarakat, ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaguar deui kabiasaan atawa kabudayaan nu mekar dina kahirupan masarakat, sangkan aya tarékah pikeun ngajaga, ngariksa sarta ngamumulé kabudayaan.

### **1.4.3 Manfaat Isu jeung Aksi Sosial**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran sarta pangaweruh ka masarakat sangkan bisa ngariksa, ngajaga jeung ngamumulé tradisi anu geus hirup di masarakat.

### **1.4.4 Manfaat Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé keur pamaréntah dina raraga ngadokuméntasikeun hiji tradisi nu hirup di masarakat. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran utamana pangajaran maca artikel di kelas XII SMA.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan ngawengku lima pedaran nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis. Lian ti éta, dina pedaran bab I medar ngeunaan raraga tulisan skripsi sacara sistematis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, dina ieu panalungtikan medar ngeunaan pakasaban nu mangrupa salasahiji unsur kabudayaan hususna dina widang tatanén nyawah, maluruh prak-prakan dina molah sawah, pikeun natahan istilah-istilah nu kapanggih dina molah sawah, pakakas, ngaran paré, jeung hama, pikeun maluruh unsur budaya dina tatanén nyawah, jeung larapan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

Bab III Metode panalungtikan, eusina medar ngeunaan Désain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngajentrékeun ngeunaan prak-prakan molah sawah; natahan istilah-istilah nu kapanggih dina molah sawah, pakakas, ngaran paré, jeung hama; Maluruh unsur budaya dina tatanén nyawah; jeung larapanna pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékomendasi, eusina medar mheunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Lian ti éta, aya implikasi jeung rékomendasi pikeun panalungtikan séjén nu rék ngagarap hal sarupa pikeun panalungtikan saterusna.